

Kile yo ka fè yon arestasyon?

Pou yon ensidan vyolans domestik, si ofisyè polis nypd a gen kòz pwobab pou kwè **ke yon krim te komèt**, ofisyè a dwe eseye **idantifye** ak **arete** moun ki komèt krim lan. Sa rive lè:

- Yon krim te komèt;
- Yo te vyole yon lòd pwoteksyon;
- Yon deli te komèt; oswa,
- Yon ofans te komèt nan prezans ofisyè polis la.

Nan ka ki enplike yon **deli, oswa lè yon ofans te komèt nan prezans yon ofisyè lapolis**, e viktim nan pa vle pou arestasyon fèt, ofisyè a ka pran volonte viktim nan an konsiderasyon. Sepandan, yon arestasyon ka fèt nan diskresyon polisye a.

Lè **de oswa plis manm fanmi** akize youn ak lòt nan yon deli fanmi ofansif, ofisyè a pral eseye idantifye ak arete **prezans agresè fizik la**.

Pwosesis sa gen ladan evalye diferan faktè tankou blesi soutni, menas ki te fè, istwa karaktè epi ki moun kite aji nan defans pwòp tèt li.

NYPD reponn ak ede ak plis pase 240,000 “911” apel vyolans domestik chak ane.

Chak biwo NYPD ak PSA gin Ofisyè pou prevansyon vyolans

ak Avoka pou viktim ki espesyalman antrene pou ede viktim vyolans domestik.

**Pa rete tann.
Chache èd jodia.**

Kontakte *Ofisyè prevansyon vyolans domestik* oswa *Avoka Viktim* nan biwo polis lokal ou a oswa PSA.

Pou ijans, rele “911.”

Vizite www.nyc.gov/nychope
Rele 24 èdtan nan liy direk Vyolans Domestik NYC a:
1 (800) 621-HOPE (4673)
TTY: 1 (866) 604-5350



VYOLANS DOMESTIK

**KIJAN LAPOLIS KA
EDE**

Eske ou nan Vyolans Domestik?

Konnin siy yo.
Chache èd jodia.

Konnin siy yo. Pa rete tann. Chache èd.

Eske patnè ou oswa manm fanmi ou :

- Kritike ou kòm yon mari oswa madanm, patnè oswa paran?
- Imilye oswa anbarase ou?
- Vin posesif oswa trè jalou?
- Menase fè ou mal oswa pitit ou, bèt domestik, manm fanmi oswa zanmi?
- Anpeche ou vizite fanmi ak zanmi?
- Vin toudenkou fache?
- Detwi oswa jete byen ou?
- Refize ou jwenn aksè nan byen konjwen tankou kont labank, kat kredi oswa machin yo?
- Kontwole tout finans ak fòse ou pou bay kont pou sa ou depanse?
- Sèvi ak entimidasyon ak manipilasyon pou kontwole oumenm oswa pitit ou yo?
- Anpeche ou vwayaje lè ou te vle.?
- Anpeche ou jwenn travay oswa pouswiv edikasyon?
- Refize ou gen aksè a manje, bwason, domi, medikaman oswa swen medikal?
- Frape, kout pyen, kalòt, choute, bouskile oswa mòde ou?
- Atak seksyèl sou ou?

Si nenpòt nan sa yo aplike nan ou, ou ka yon viktim vyolans domestik

Lapolis ka ede ou:



Rive jwenn sekirite nan yon **abri oswa kay ki an sekirite**.



Jwenn yon **Lòd Pwoteksyon**, yon lòd legal pou abizè ou a sispann few mal oswa menase ou ak/oswa timoun ou yo.



Gin aksè **swen medikal, konsèy legal, asistans sèvis sosyal, transfè lojman ijans, entèkansyon kriz, ak sipò konsèy** pou oumenm ak pitit ou.



Devlope yon **plan sekirite**.



Voye yon ofisye pou fè yon **sondaj sekirite** nan kay ou.



Fè aranjman pou gen **kadna ou chanje gratis**.

NYPD ede mil viktim vyolans domestik chak ane

Lè Yon Moun Rele Lapolis

Si oumenm oswa yon lòt moun kontakte polis la pou rapòte vyolans domestik, **nou oblije mennen ankèt**, menm si ou pa mande prezans nou an. Sa vie di ke nou pral:

1. **Entevyou ou an prive**. Nou pral tou fè entevyou ak lòt moun ki te ka temwen sa ki te pase.
2. **Prepare yon rapò** sou ensidan ki rele yon *Rapò ensidan domestik*. Ou ka ekri ak siyen yon deklarasyon sou sa ki te pase, menm si **ou pa oblije fè sa**.
3. **Pran foto** de nenpòt ki blesi soutni, domaj ki koze sou pwopriyete, kominikasyon ak menas (tankou mesaj teks, posts medya sosyal etc.) ki gen rapò ak ensidan an.

4. **Fè yon arestasyon**, lè sa nesesè (*gade andedan bwochi*)
5. **Swiv avèk ou** apre yon *Rapò Ensidan Domestik* te depoze.